

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh dikasangukungan ku perluna tarékah nepikeun ajén-ajén anu hadé ti kolot ka budakna, kitu ogé ti guru ka muridna. Sabab geus réana téhnologi anu ngalantarankeun leungitna budaya mangdongéngkeun budak saacan saré, leungitna kesempatan budak pikeun meunangkeun waktu babarengan jeung kolotna. Sabab kitu ieu panalungtikan aya sangkan leuwih nuwuhkeun deui sikep anu hadé sabab dina dongéng loba mangpaatna.

Salian ti kitu, ieu panalungtikan ogé miboga tujuan pikeun nganalisis stuktur carita dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* nu satuluyna stuktur téh dianalisis tuluy dibandingkeun. Sanggeus kitu hasil dina sakabéh analisis téh dijadikeun alternatif bahan ajar maca dongéng di SMP kelas VII. Jadi, bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun: (1) Stuktur carita dina dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* nu ngawengku téma, galur, latar, jeung palaku; (2) babandingan stuktur dina dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis*; (3) Larapna hasil panalungtikan saumpama dijadikeun alternatif bahan ajar maca dongéng di SMP kelas VII.

Téma dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* téh silih asih antara adi jeung lanceuk. Galur nu digunakeun dina unggal dongéng nya éta galur mérélé (galur maju). Latar nu kapanggih dina unggal dongéng béda-béda, dina dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* aya dalapan latar tempat, dua latar waktu jeung dua latar sosial. Dina dongéng *Budak Pahatu Lalis* kapaluruh aya 13 latar tempat, 10 latar waktu jeung opat latar sosial. Babandingan stuktur dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* aya sasaruuan jeung bédana. Ti awal carita sarua, kajadianana méh sarua ngan kusabab dongéng *Budak Pahatu Lalis* leuwih panjang, antukna loba pisan anu teu sarua sabab dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* kawilang pondok dibandingkeun jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis*.

Delpia Sinta Rahayu, 2022

DONGÉNG GEBER-GEBER HIHID AING KARYA WAHYU WIBISANA JEUNG DONGÉNG BUDAK PAHATU LALIS KARYA KI UMBARA PIKEUN BAHAN AJAR MACA DONGÉNG DI KELAS VII SMP (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Patali jeung bahan ajar, dongéng *Geber-Geber Hihid Aing* jeung dongéng *Budak Pahatu Lalis* nyumponan kana kritéria dina milih jeung nyusun bahan ajar, sabab euyeub ku ajén-ajén, loba mangpaatna bisa dijadikeun tuladeun pikeun kahirupan sapopoé siswa.

5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Sababaraha saran jeung rékoméndasi pikeun ngaronjatkeun sumanget jeung kamekaran sastra hususna wangun dongéng, ngawengku:

- 1) Pamaréntah, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa jadi tarékan dina ngungkulan kaayan jaman, ngokolakeun pikeun ngamumulé deui budaya-budaya hususna sastra wangun dongéng. Ngaliwatan bahan bacaan anu hadé tangtu bisa ngalahirkeun generasi anu perceka, disiplin, jujur, calakan, miboga ajén anu luhung.
- 2) Guru, dipiharep bisa nuwuhkeun deui karep siswa pikeun macaan karya sastra, hususna wangun dongéng. Salian ti euyeub mangpaatna, loba kauntungan pikeun nuwuhkeun sumanget diajar, wani pikeun nanya jeung mikir kritis.
- 3) Mahasiswa, dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa jadi sumber référénsi dina kagiatan kuliah, hususna nu aya patalina jeung ulikan struktural katut ulikan sastra bandingan.
- 4) Panalungtik, dipiharep aya anu nalungtik deui kalawan tilikan anu leuwih jero tur euyeub.
- 5) Masarakat Umum, dipiharep bisa gawé bareng dina hal nyingkahan karuksakan karakter bangsa. Ngabiasakeun deui macakeun dongéng ka barudak. Dipiharep bakal loba masarakat anu leuwih mikacinta karya sastra jeung aya kapanasaran pikeun macana, hususna wangun dongéng, anu satuluyna bisa ditatalépikeun dina kahirupan sapopoé.